KHUTBAH JUMAT
Babagan Shalat Jama'ah

اَلسَّلاَمُ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَةُ اللهِ وَبَرَكَاتُهُ

Khutbah I

اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ الَّذِيْ بِنِعْمَتِهِ تَتِمُّ الصَّالِحَاتُ، وَبِفَضْلِهِ تَتَنَزَّلُ الْخَيْرَاتُ وَالْبَرَكَاتُ، وَبِتَوْفِيْقِهِ تَتَحَقَّقُ الْمَقَاصِدُ وَالْغَايَاتُ .أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّااللهُ وَحْدَهُ لَاشَرِيْكَ لَهُ وَأَشْهَدُ أَنّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُوْلُهُ لَانَبِيَّ بَعْدَهُ .اَللّٰهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ الْمُجَاهِدِيْنَ الطَّاهِرِيْنَ .أَمَّا بَعْدُ، فَيَا آيُّهَا الحَاضِرُوْنَ أُوْصِيْكُمْ وَإِيَّايَ بِتَقْوَى اللهِ وَطَاعَتِهِ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُوْنَ .يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ، وَتَزَوَّدُوا فَإِنَّ خَيْرَ الزَّادِ التَّقْوَى.

Para Jama'ah ingkang minulya

Mangga samiya netepi taqwa dumateng Allah *Ta'ala*. Tegesipun tansah nindakaken dawuh-dawuhipun lan nebihi awisan-awisanipun. Lan

Mangga samiya anggatosaken malih dumateng babagan shalat jama'ah. Amargi shalat jama'ah puniko agung sanget fadhilahipun. Malah separonipun ulama wonten ingkang ngendikaka-aken bilih shalat jama'ah puniko hukumipun fardhu kifayah. Ateges menawi mboten wonten ingkang nindaaken, setunggal dusun punika ketatrapan duso.

Shalat jama'ah puniko menawi dipun banding kaliyan shalat piyambakan bebandingan kathah sanget. Separonipun hadis nerangaken kacek pitu likur derajat. Separonipun malih nerangaken kacek selangkung. Tansoyo menawi anggenipun nindak-aken jama'ah wonten ing masjid, masya Allah, fadhilahipun temtu langkung agung malih.
Dipun terangaken wonten ing setunggaling hadis:

عَنْ أَبِيْ هُرَيرَةَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ، أَنَّ النَّبِيَّ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ :مَنْ غَدَا إِلَى الْمَسْجِدِ أَوْرَاحَ، أَعَدَّ اللهُ لَهُ نُزُلَهُ مِنَ الجَنَّةِ كُلَّمَا غَدَا أَوْرَاحَ .متفق عليه.

Artosipun:
"Cinarito saking Abu Hurairah Radhiyallahu Anhu yen Kanjeng Nabi shalallahu alaihi wasalam dawuh:'Sing sopo wonge budhalan isuk marang mesjid utawi budhalan sore, mongko Allah nyawisake suguhan ing dalem suwargo saben-saben isuk lan sore." (Muttafaqun alaih)

عَنْ أَبِيْ هُرَيرَةَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ :قَالَ رَسُوْلُ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ :مَنْ تَطَهَّرَ فِيْ بَيْتِهِ، ثُمَّ مَضَى إِلَى بَيْتٍ مِنْ بُيُوْتِ اللهِ، لِيَقْضِيَ فَرِيْضَةً مِنْ فَرَائِضِ اللهِ، كَانَتْ خَطَوَاتُهُ :إِحْدَاهُمَا تَحُطُّ خَطِيْئَةً، وَالْأُخْرٰى تَرْفَعُ دَرَجَةً .رواه مسلم.

Artosipun:
"Cinarito saking Abu Hurairah, Kanjeng Nabi Saw. dawuh:'Sing sopo wonge sesuci ono omah nuli budhalan marang masjid kerono nekani fardhu mongko jangkah-jangkahane iku salah sijine nglebur duso lan liyane ngunggahake derajat." (HR. Imam Muslim)

Ngaten meniko salah setunggaling fadhilahipun. Nindaaken shalat wonten masjid puniko tindakipun mawon sampun angsal ganjaran. Lajeng sak sampunipun dumugi masjid kito saget pikantuk ganjaran saking shalat takhiyatul masjid, i'tikaf lan lintunipun.

Lan ingkang wigati malih, jama’ah sareng-sareng wonten masjid puniko nedhahaken rukun lan manunggalipun kaum muslimin. Ugi nedhahaken padhangipun syiar Islam. Masjid mboten suwung. Amargi wonten ing akhir-akhir puniko terkadang kito kedah ngelus dhodho ningali kasunyatan ingkang mrihatosaken. Bangunan masjid ingkang sarwo mewah mboten dipun ginaaken. Masjidipun ketawis magrong-magrong, nanging sepi saking jama'ah.

Pramila mangga para jama’ah, kita giyataken anggenipun jama'ah, mangga kita sami ngurip-ngurip masjid, kejawi pembangunan masjidipun, jama'ahipun ugi kito ginaaken. Sak sagetipun dipun usahaaken. Langkung-langkung shalat Subuh-lan Isya’.
Dipun ngendikaaken wonten ing hadis:

عَنْ عُثْمَانَ بْنِ عَفَّانَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ، قَالَ :قَالَ رَسُوْلُ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ :مَنْ صَلَّى الْعِشَاءَ فِيْ جَمَاعَةٍ، فَكَأَنَّمَا قَامَ نِصْفَ اللَّيْلِ، وَمَنْ صَلَّى الصُّبْحَ فِيْ جَمَاعَةٍ فَكَأَنَّماَ صَلَّى اللَّيْلَ كُلَّهُ.

Artosipun : *"Cinarito saking Utsman bin Affan r.a., ingsun kerungu Kanjeng Nabi Saw. dawuh: Sing sopo wonge shalat jama'ah Isya' mongko koyo dene jumeneng ibadah setengah wengi. Lan sopo wonge shalat jama'ah Subuh mongko koyo dene jumenengi ibadah sewengi muput."* (HR. Imam Muslim)

Mangaten dawuhipun Kanjeng Nabi. Mila mangga kita nggatosaken ingkang sak estu. Mangga kita nindaaken sak saget-sagetipun, sinahoso dalemipun tebih saking masjid. Malah-kepara tansoyo kathah jangkahipun anggenipun tindak, temtu tansoyo kathah ganjaranipun.

بَارَكَ اللهُ لِيْ وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيْمِ، وَجَعَلَنِيْ وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيْهِ مِنَ الْآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيْمِ .إِنَّهُ هُوَ البَرُّ التَّوَّابُ الرَّؤُوْفُ الرَّحِيْمُ .وَقُلْ رَبِّ اغْفِرْ وَارْحَمْ وَأَنْتَ أَرْحَمُ الرَّاحِمِيْنَ.

Khutbah II

اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ نَحْمَدُهُ وَنَسْتَعِيْنُهُ وَنَسْتَغْفِرُهْ، وَنَعُوذُ بِاللهِ مِنْ شُرُوْرِ أَنْفُسِنَا وَمِنْ سَيِّئَاتِ أَعْمَالِنَا، مَنْ يَهْدِهِ اللهُ فَلاَ مُضِلَّ لَهُ وَمَنْ يُضْلِلْ فَلاَ هَادِيَ لَهُ .أَشْهَدُ أَنْ لاَ إِلَهَ إِلَّاالله وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُوْلُهُ لَانَبِيَ بَعْدَهُ .اَللّٰهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَاَصْحَابِهِ اَجْمَعِيْنَ.أَمَّا بَعْدُ .فَيَا عِبَادَ اللهِ !إِتَّقُوْا اللهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلَا تَمُوْتُنَّ إِلاَّ وَأَنْتُمْ مُسْلِمُوْنَ.قَالَ اللهُ تَعَالَى فِى كِتَابِهِ الْكَرِيْمِ :أَعُوْذُ بِاللهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيْمِ .بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ .إِنَّ اللهَ وَمَلَآئِكَتَهُ يُصَلُّوْنَ عَلَى النَّبِى يَآ اَيُّهَا الَّذِيْنَ آمَنُوْا صَلُّوْا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوْا تَسْلِيْمًا .اَللّٰهُمَّ صَلِّ عَلَى مُحَمَّد عَبْدِكَ وَرَسُوْلِكَ كَمَا صَلَّيْتَ عَلٰى اِبْرَاهِيْمَ وَبَارِكْ عَلٰى مُحَمَّدٍ وَعَلٰى اٰلِ مُحَمَّدٍ كَمَا بَارَكْتَ عَلٰى اِبْرَاهِيْمَ وَعَلٰى اٰلِ اِبْرَاهِيْمَ فِى الْعَالَمِيْنَ اِنَّكَ حَمِيْدٌ مَجِيْدٌ.

اَللّٰهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِيْنَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِيْنَ وَالْمُسْلِمَاتِ اَلْاَحْيَآءِ مِنْهُمْ وَاْلاَمْوَاتِ . اَللّٰهُمَّ اِنَّانَسْأَلُكَ سَلَامَةًفِى الدِّيْنِ، وَعَافِيَةًفِى الْجَسَدِوَزِيَادَةًفِى الْعِلْمِ وَبَرَكَةًفِى الرِّزْقِ وَتَوْبَةًقَبْلَ الْمَوْتِ وَرَحْمَةًعِنْدَالْمَوْتِ وَمَغْفِرَةًبَعْدَالْمَوْتِ،اَللّٰهُمَّ هَوِّنْ عَلَيْنَا فِيْ سَكَرَاتِ الْمَوْتِوَالنَّجَاةَ مِنَ النَّارِ وَالْعَفْوَ عِنْدَ الْحِسَابِ .اَللّٰهُمَّ ادْفَعْ عَنَّا اْلبَلاَءَ وَالْوَبَاءَ وَالزَّلاَزِلَ

وَالْمِحَنَ وَسُوْءَ الْفِتَنِ وَالْمِحَنِ، مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَنَ، عَنْ بَلَدِنَا اِنْدُونِيْسِيَّا خَاصَّةً وَسَائِرِ الْبُلْدَانِ الْمُسْلِمِيْنَ عَآمَّةً يَا رَبَّ الْعَالَمِيْنَ .رَبَّنَا آتِنَا فِى الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِى الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ.عِبَادَاللهِ ! إِنَّ اللهَ يَأْمُرُنَا بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيْتآءِ ذِي الْقُرْبىَ وَيَنْهَى عَنِ الْفَحْشآءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُوْنَ وَاذْكُرُوا اللهَ الْعَظِيْمَ يَذْكُرْكُمْ وَاشْكُرُوْهُ عَلىَ نِعَمِهِ يَزِدْكُمْ وَلَذِكْرُ اللهِ اَكْبَرْ.

بِسْمِ اللهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ
Wulan Jumadil Ula
Masalah Ibadah Shalat
Khutbah I

اَلسَّلاَمُ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَةُ اللهِ وَبَرَكَاتُهُ
اَلْحَمْدُ لله الَّذِيْ أَرْسَلَ رَسُوْلَهُ بِالْهُدَى وَدِيْنِ الْحَـقِّ لِيُظْهِرَهُ عَلَى الدِّيْنِ كُلِّهِ وَلَوْ كَرِهَ الْمُشْرِكُوْنَ ، وَأَشْهَدُ الله إِلاَّ اله لَا أَنْ أَشْهَدُ
صَلِّ اَللّٰهُمَّ.الله رَسُوْلُ مُحَمَّدًا أَنَّ وَأَشْهَدُ عَلَى مُحَمَّدٍ سَيِّدِنَا عَلَى وَأَصْحَابِهِ أله وَعَلَى مُحَمَّدٍ سَيِّدِنَا عَلَى صَلِّ اَللّٰهُمَّ.الله رَسُوْلُ مُحَمَّدًا أَنَّ
.قَانِتِيْنَ ِللهِ وَقُوْمُوْا الْوُسْطَى وَالصَّلَاةِ الصَّلَوَاتِ عَلَى حَافِظُوْا :تَعَالَى اللهُ قَالَ اَرْكَانِهِ وَاَحَدُ الدِّيْنِ فَرَائِضِ اَعْظَمُ فَإِنَّهَا الصَّلَوَاتِ

Para rawuh ingkang minulyo!
Mangga samiyo kito ningkataken anggenipun netepi taqwa dumateng Gusti Allah Ta'ala. Tegesipun ningkataken anggenipun nindaaken dawuh-dawuhipun Ian nebihi awisan-awisanipun.

Lan mangertoso bilih ibadah shalat ingkang dados rukun Islam puniko minongko sakanipun agami. Sinten tiyang ingkang purun negakaken shalat , mongko piyambakipun ateges ngukuhaken agaminipun. Sak wangsulipun, sinten tiyang ingkang nilar shalat ateges ngrubuhaken dateng agaminipun.

Kejawi mekaten, tumerap peribadi saben-saben tiyang Islam, ibadah shalat puniko agung sanget pengaruhipun dumateng ketentremaning jiwo (manah). Kados ingkang kadawuhaken Wonten ing Al-Qur’anul Karim:

أَعُوْذُ بِاللهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيْمِ، إِنَّ الصَّلَاةَ تَنْهَىٰ عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنكَرِ ۗ

Artosipun kirang langkung: “Sak temene shalat iku nyegah marang piro-piro olo lan munkar." (Al-Qur'an, _surat Al-Ankabut: 45)

Tiyang ingkang purun ngelampahi shalat puniko badhe ngraosaken tentremipun batos. Caket dumateng Allah Ta'ala Ian tebih perkawis-perkawis ingkang nyimpang. Manahipun bersih, keranten kotoran utawi lebuning manah dipun lap dining ibadah shalat .

Milo Mangga para rawuh! Kito tingkataken anggenipun anggatosaken ibadah shalat puniko.Ingkang dereng saget ajek ngelampahi inggih Mangga dipun ajekaken wiwit sak meniko. Mangga dipun latih sekedhik, lajeng dipun raosaken manfaatipun.

Malah-malah menawi kito saweg kagungan masalah utawi keruwetan-keruwetan, midherek agami Islam dipun anjuraken ngelampahi shalat sunat kaleh roka’at ingkang dipun wastani shalat hajat utawi shalat tahajud utawi shalat istikhoroh. Kanti ngelampahi shalat sunat kolowau insya Allah Gusti Allah Ta'ala paring mergi ingkang leres Ian maslahat. Dene menawi kito kepengen pinaringan rizqi jembar, kito saget ikhtiyar kanthi dipun sarengi ngathah-ngathahaken shalat Dhuha.

Gusti Allah Ta’ala dawuh:

أَعُوْذُ بِاللهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيْمِ، وَاسْتَعِيْنُوا بِالصَّبْرِ وَالصَّلَاةِ ۚ

Artosipun kirang langkung: “Lan podo amn'ho pitulung Siro kabeh sarono gelakoni shobar lan shalat .” (Al-Qur'an, surat Al-Baqoroh: 45)

Minongko penutup. Mangga kito gatosaken dawuh dalem Kanjeng Nabi ingkang dipun ceritaaken dining sohabat Abi Hurairah:

قَالَ شَيْءٌ، دَرَنِهِ مِنْ يَبْقَى لَا :قَالُوْا شَيْءٌ؟ دَرَنِهِ مِنْ يَبْقَى هَلْ مَرَّاتٍ، خَمْسَ يَوْمٍ كُلَّ مِنْهُ يَغْتَسِلُ أَحَدِكُمْ بِبَابِ نَهَرًا أَنَّ لَوْ أَرَأَيْتُمْ: الْخَطَّايَا بِهِنَّ اللَّهُ يَمْحُوْ الْخَمْسِ، الصَّلَوَاتِ مَثَلُ فَذٰلِكَ .عليه متفق

Artosipuni kirang langkung:
“Cuba kepriye yeh ono kali ing dalem ngarep lawange salah sijine siro kang siro adus saking kono saben dino kaping lima, opo isih ono kotoran kang keri? Para shohabat jawab: "Boten wonten" Kanjeng Nabi banjur dawuh. ’Yo ngono iku sifate shalat limo. Gusti Allah nglebur kelawan shalat iku ing piro-piro kaluputane.”
(Muttafaqun alaih)

Ngaten puniko dawuhipun Kanjeng Nabi. Milo Mangga sami anggatosaken dawuh ing nginggil.

.الرَّحِيْمُ الرَّؤُوْفُ التَّوَّابُ البَرُّ هُوَ إِنَّهُ .الْحَكِيْمِ وَالذِّكْرِ الْآيَاتِ مِنَ فِيْهِ بِمَا وَإِيَّاكُمْ وَجَعَلَنِيْ الْعَظِيْمِ، الْقُرْآنِ فِي وَلَكُمْ لِيْ اللهُ بَارَكَ .الرَّاحِمِيْنَ أَرْحَمُ وَأَنْتَ وَارْحَمْ اغْفِرْ رَبِّ وَقُلْ

Khutbah II

يُضْلِلْ وَمَنْ لَهُ مُضِلَّ فَلاَ اللهُ يَهْدِهِ مَنْ أَعْمَالِنَا، سَيِّئَاتِ وَمِنْ أَنْفُسِنَا شُرُوْرِ مِنْ بِاللهِ وَنَعُوذُ وَنَسْتَغْفِرُهْ، وَنَسْتَعِيْنُهُ نَحْمَدُهُ لِلّٰهِ اَلْحَمْدُ وَعَلَى مُحَمَّدٍ سَيِّدِنَا عَلَى وَبَارِكْ وَسَلِّمْ صَلِّ اَللّٰهُمَّ .بَعْدَهُ لاَنَبِيَ وَرَسُوْلُهُ عَبْدُهُ مُحَمَّدًا أَنَّ وَأَشْهَدُ اِلَّاالله إِلَهَ لاَ أَنْ أَشْهَدُ .لَهُ هَادِيَ فَلاَ .مُسْلِمُوْنَ وَأَنْتُمْ إِلاَّ تَمُوْتُنَّ وَلَا تُقَاتِهِ حَقَّ اللهَ اِتَّقُوْا !اللهِ عِبَادَ فَيَا .بَعْدُ أَمَّا.اَجْمَعِيْنَ وَاَصْحَابِهِ آلِهِ

يَآ النَّبِى عَلىَ يُصَلُّوْنَ وَمَلَآئِكَتَهُ اللهَ إِنَّ .اَلرَّحِيْمِ اَلرَّحْمٰنِ اَللّٰهِ بِسْمِ .الرَّجِيْمِ الشَّيْطَانِ مِنَ بِاللهِ أَعُوْذُ :الْكَرِيْمِ كِتَابِهِ فِى تَعاَلَى اللهُ قَالَ مُحَمَّدٍ عَلٰى وَبَارِكْ اِبْرَاهِيْمَ عَلٰى صَلَّيْتَ كَمَا وَرَسُوْلِكَ عَبْدِكَ مُحَمَّد عَلَى صَلِّ اَللّٰهُمَّ .تَسْلِيْمًا وَسَلِّمُوْا عَلَيْهِ صَلُّوْا آمَنُوْا اَلَّذِيْنَ اَيُّهَا .مَجِيْدٌ حَمِيْدٌ اِنَّكَ الْعَالَمِيْنَ فِى اِبْرَاهِيْمَ اٰلِ وَعَلٰى اِبْرَاهِيْمَ عَلٰى بَارَكْتَ كَمَا مُحَمَّدٍ اٰلِ وَعَلٰى

وَعَافِيَةًفِى الدِّيْنِ، سَلَامَةًفِى اِنَّانَسْأَلُكَ اَللّٰهُمَّ .وَالْاَمْوَاتِ مِنْهُمْ اَلْاَحْيَآءِ وَالْمُسْلِمَاتِ وَالْمُسْلِمِيْنَ وَالْمُؤْمِنَاتِ لِلْمُؤْمِنِيْنَ اغْفِرْ اَللّٰهُمَّ سَكَرَاتِ فِيْ عَلَيْنَا هَوِّنْ وَمَغْفِرَةًبَعْدَالْمَوْتِ،اَللّٰهُمَّ وَرَحْمَةًعِنْدَالْمَوْتِ الْمَوْتِ وَتَوْبَةًقَبْلَ الرِّزْقِ وَبَرَكَةًفِى الْعِلْمِ الْجَسَدِوَزِيَادَةًفِى ظَهَرَ مَا وَالْمِحَنِ، اَلْفِتَنِ وَسُوْءَ وَالْمِحَنَ وَالزَّلاَزِلَ وَالْوَبَاءَ الْبَلاَءَ عَنَّا ادْفَعْ اَللّٰهُمَّ .الْحِسَابِ عِنْدَ وَالْعَفْوَ النَّارِ مِنَ الْمَوْتِوَالنَّجَاةَ اَلْاٰخِرَةِ وَفِى حَسَنَةً الدُّنْيَا فِى آتِنَا رَبَّنَا .اَلْعَالَمِيْنَ رَبَّ يَا عَآمَّةً الْمُسْلِمِيْنَ اَلْبُلْدَانِ وَسَائِرِ خَآصَّةً اِنْدُونِيْسِيًّا بَلَدِنَا عَنْ بَطَنَ، وَمَا مِنْهَا .النَّارِ عَذَابَ وَقِنَا حَسَنَةً

وَاذْكُرُوا تَذَكَّرُوْنَ لَعَلَّكُمْ يَعِظُكُمْ وَالْبَغْيِ وَالْمُنْكَرِ اَلْفَحْشَآءِ عَنِ وَيَنْهَى اَلْقُرْبىَ ذِي وَإِيْتَآءِ وَالْإِحْسَانِ بِالْعَدْلِ يَأْمُرُنَا اللهَ إِنَّ ! عِبَادَاللهِ .اَكْبَرُ اللهِ وَلَذِكْرُ يَزِدْكُمْ نِعَمِهِ عَلىَ وَاشْكُرُوْهُ يَذْكُرْكُمْ اَلْعَظِيْمَ اللهَ